



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

SINAU ING JAGAD CANTHING

BELAJAR DI DUNIA CANTING



Penulis : Muhammad Rusydi
Ilustrator : Banuarli Ambardi





Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

Sinau ing Jagad Canthing

Belajar Di Dunia Canting

Penulis : Muhammad Rusydi
Ilustrator : Banuarli Ambardi
Penyunting: Nindwihapsari

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

SINAU ING JAGAD CANTHING (BELAJAR DI DUNIA CANTING)

Penulis : Muhammad Rusydi
Ilustrator : Banuarli Ambardi
Penerjemah : Muhammad Rusydi
Penyunting : Nindwihapsari
Penata Letak : Husnul Latif

Penerbit
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-623-112-575-0 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic
ii, 32 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

Soré iki, Atmo nggrundhel rikala mulih sekolah. Dhèwèké jèngkèl banget amarga entuk tugas akèh. Minggu ngarep ana pamèran bathik. Bathik sing dipamèraké asalé saka Kraton Ngayogyakarta lan Pura Pakualaman.

Atmo lan kancane loro dipilih bu guru supaya melu kuis ing pameran bathik kuwi. Guruné mesthi ora salah milih amarga dhèwèké dadi juara kelas. Senajan mangkono, dhèwèké mesthi kudu sinau akèh babagan bathik Yogyakarta.

Apa Atmo bisa nggawa jeneng sekolahe lan entuk peringkat ing kompetisi? Apa bisa Atmo sinau kabeh babagan bathik Yogyakarta kurang saka seminggu?

Dumadakan lawang kamare Atmo dibukak. Mbak Anin, mbakyuné Atmo, mlebu kamar.

Siang ini, Atmo menggerutu saat pulang sekolah. Ia sangat kesal karena mendapatkan banyak tugas. Minggu depan, ada pameran batik. Batik-batik yang dipamerkan berasal dari Keraton Yogyakarta dan Puro Pakualaman.

Atmo dan dua orang temannya dipilih Bu Guru untuk ikut cerdas cermat dalam rangka pameran tersebut. Gurunya tentu tidak salah memilihnya karena ia salah satu juara kelas. Meskipun begitu, ia tentu harus mempelajari banyak hal tentang batik Yogyakarta.

Apakah Atmo bisa membawa nama sekolahnya dan mendapat peringkat dalam lomba? Bagaimana mungkin, Atmo dapat mempelajari semua hal tentang batik Yogyakarta itu dalam waktu kurang lebih seminggu.

Tiba-tiba pintu kamar Atmo dibuka. Lalu mbak Anin masuk ke kamar.

“Ana apa kok rupamu mrenget?” pitakoné Mbak Anin.

“Aku jengkel, Mbak,” jare Atmo. “Bu guru ndhawuhi aku makili sekolah melu kuis bab Bathik Yogyakarta,” ujure Atmo maneh.

“Wah, apik tenan kuwi! Kuis sing bareng karo pamèran, ta?” pitakoné Mbak Anin sinambi ngelus-elus rambuté Atmo.

“Ya, Mbak.”

Atmo sejatine ora jengkel amarga didhawuhi melu kuis. Dhèwèké jengkel amarga durung siap babar pisan kanggo melu lomba.

“Ada apa, kok mukamu cemberut?” Tanya Mbak Anin.

“Aku sedang kesal, Mbak,” kata Atmo. “Bu Guru memintaku ikut mewakili sekolah dalam cerdas cermat tentang Batik Yogyakarta,” kata Atmo.

“Wah, bagus sekali. Acaranya bersamaan dengan pameran batik kan?” seru Mbak Anin sambil mengusap rambutku.

“Iya, Mbak,” jawabku seketika. Atmo sebenarnya bukan kesal karena disuruh mengikuti cerdas cermat itu. Ia kesal karena ia belum punya persiapan sama sekali untuk mengikuti perlombaan itu.



Atmo banjur nyritakaké ringkesan materi kuis sing diwenehaké guruné. Mbak Anin ngrungokaké kanthi teliti. Mbak Anin manthuk-manthuk, tandha yen dhèwèké ngerti tugas sing diadhepi Atmo pancen angèl.

Mbak Anin sing ngrungokaké critané Atmo janji bakal nulungi dhèwèké. Mbak Anin uga arep ngajak Atmo dolan menyang pengrajin bathik. Dhèwèké bakal sinau babagan bathik Yogyakarta menyang kraton.

“Matur nuwun, Mbak,” ujaré Atmo.

“Iya,” jawabé Mbak Anin karo bali menyang kamaré.

Selanjutnya, Atmo menceritakan gambaran tentang materi cerdas cermat yang diberikan oleh gurunya. Mbak Anin mendengarkan dengan seksama. Mbak Anin pun mengangguk-angguk sebagai tanda ia memahami bahwa tugas yang dihadapi Atmo memang cukup berat.

Atmo sebenarnya menyukai batik, tetapi ia belum pernah mempelajari tentang batik. Mbak Anin yang mendengarkan cerita Atmo berjanji akan membantunya. Mbak Anin pun berencana akan mengajak Atmo mengunjungi perajin batik. Mereka akan mempelajari tentang batik Yogyakarta secara langsung. “Terima kasih, Mbak,” kata Atmo.

“Iya,” jawab Mbak Anin sembari kembali ke kamarnya.



Ing sekolah, Atmo kumpul karo kanca-kancané, Banu lan Kinkin. Dhèwèké ngerembug babagan persiapan kanggo melu kuis. Dhèwèké pancen bingung, nanging wis ana cara kanggo ngrampungaké. Bocah telu iku wis duwe rencana dhèwé-dhèwé kanggo ngatasi.

Banu kandha yen dhèwèké bakal nemokake kabeh informasi ing internet. Mesthine bakal gampang banget kanggo dhèwèké ngumpulake materi babagan bathik. Banu ngerti yen materi ing internet ora mesthi bener. Dhèwèké kudu milah dhisik informasi saka internet.

Dene rancangane Banu sing kaping pindho, dhèwèké bakal nginep ing omahé buliké. Buliké Banu mbukak warung bathik ing Malioboro. Buliké uga minangka pengrajin bathik sing ngasilaké bathik dhèwé.

Di sekolah, Atmo berkumpul dengan teman-teman satu timnya, Banu dan Kinkin. Mereka berdiskusi tentang persiapan mengikuti cerdas cermat. Mereka sebenarnya kebingungan, tetapi mereka tidak kehabisan akal. Mereka sudah punya rencana masing-masing untuk menghadapinya.

Banu berkata bahwa dia akan mencari semua informasi di internet. Tentu saja ia akan sangat mudah mengumpulkan materi tentang batik di internet. Meskipun Banu tahu bahwa materi yang ada di internet belum tentu benar, ia harus lebih jeli memilih informasi yang diperoleh dari internet.

Adapun rencana kedua Banu adalah ia akan menginap di tempat bibinya. Bibinya membuka kios batik di Malioboro. Bibinya juga merupakan pengrajin batik yang memproduksi batik sendiri.

Sauntara kuwi, Kinkin arep golek informasi menyang kraton. Nanging, mesthi dhèwèké kudu teka nalika kraton uwis bukak. Sawisé sekolah, dheweke kudu enggal budhal menyang kraton.

Apa maneh bathik kuwi bakal digawa menyang lokasi pamèran. Dhèwèké mung bisa ngandelaké informasi saka para abdi dalem kraton. Dhèwèké bakal nyathet kabéh informasi saka para abdi dalem sing ngurus bathik.

Atmo wis nyiapaké rencana. Atmo arep sinau motif bathik karo Mbak Anin. Atmo mesthi bakal sinau kanthi tumemen. Dhèwèké bakal nindakaké tugas kanthi maksimal. Ora gelem kalah karo kancané sing loro mau.

Sementara itu, Kinkin berencana mengunjungi keraton untuk mencari informasi. Akan tetapi, ia tentu harus datang saat keraton masih buka. Pasti sangat terburu-buru jika bekunjung ke keraton sepulang sekolah.

Belum lagi batik-batik keraton itu akan dibawa ke lokasi pameran. Ia hanya bisa mengandalkan informasi dari para abdi dalem. Ia akan mencatat semua informasi dari abdi dalem yang mengurus batik.

Atmo sendiri sudah menyiapkan rencananya. Atmo akan mempelajari motif batik bersama mbak Anin. Atmo tentu akan mempelajarinya dengan serius. Ia akan melaksanakan tugasnya dengan sebaik-baiknya. Ia tidak mau kalah dengan kedua temannya tadi.

Bubar sekolah, Atmo, Banu, lan Kinkin bakal ndeleng peralatan nggawé bathik. Bocah telu mau padha kumpul ing omahé Banu. Ing omahé Banu ana piranti kanggo nggawé bathik. Piranti iki digunakaké dening ibuné Banu nalika mbantu buliké nggawé bathik. Saiki peralatan kasebut wis suwé ora digunakaké.

Ing omahé Banu ana alat-alat gawé bathik. Ana canthing, wajan cilik, kompor cilik, lan sawetara motif cap sing diduwéni ibuné Banu.

Bahan kayata malam lan pewarna kain wis ora cumawis ing omahé Banu. Bahan-bahan kuwi mesthi digunakaké sadurungé. Bu Rèni, ibuné Banu janji nuku malam lan pewarna kain kanggo sinau.

Sepulang sekolah, Atmo, Banu, dan Kinkin akan melihat langsung peralatan membuat batik. Mereka berkumpul di rumah Banu. Di rumah Banu ada peralatan untuk membuat batik. Peralatan itu dulu pernah digunakan oleh ibu Banu sewaktu ia membantu bibinya membuat batik. Sekarang peralatan itu sudah lama tidak digunakan.

Di rumah Banu mereka melihat langsung alat-alat membuat batik, seperti canting, wajan kecil, kompor kecil, dan beberapa cap motif yang pernah dimiliki Ibu Banu.

Bahan-bahan, seperti malam dan pewarna kain, sudah tidak ada di rumah Banu. Bahan-bahan itu tentu sudah habis digunakan sebelumnya. Bu Reni, Ibu Banu, berjanji akan membelikan malam dan pewarna kain untuk dipelajari.

Sawisé mulih saka omahé Banu, Atmo ngènténi Mbak Anin mulih. Mesthi waé dhèwèké bakal nagih janjiné Mbak Anin. Atmo lungguh ngènténi Mbak Anin ing teras omahé. Dhèwèké nyilih HP ibuné lan nggolèki artikel babagan bathik Yogyakarta. Nanging, dhèwèké ora sadhar, malah keturon.

Nalika turu, Atmo weruh piranti gawé bathik sing dideleng ing omahé Banu mau. Dhèwèké nyedhaki piranti kuwi, mriksa sisih tengen lan kiwa. Nanging, dhèwèké ora weruh Banu lan Kinkin.

“Halo, Atmo,” ana swara nyeluk Atmo.

“Sapa kuwi?” jawabe Atmo langsung. “Lha kowé neng endi, aku ora weruh,” kandhané Atmo manèh.

Sepulang dari rumah Banu, Atmo menunggu Mbak Anin pulang ke rumah. Ia tentu akan menagih janji Mbak Anin. Atmo duduk menunggu mbak Anin di teras rumahnya. Ia meminjam HP ibunya dan mencari-cari artikel tentang batik Yogyakarta. Beberapa menit melihat-lihat, tanpa sadar ia pun tertidur.

Dalam tidurnya, Atmo melihat alat-alat membuat batik yang ia lihat di rumah Banu tadi. Ia pun mendekati alat-alat tersebut dan memeriksa ke kanan dan ke kiri. Di manakah teman-temannya? Ia tidak melihat Banu dan Kinkin.

“Halo, Atmo,” terdengar suara menyapa Atmo.

“Siapa kamu?” jawab Atmo seketika. “Kamu di mana, aku tidak melihat kamu” ujar Atmo lagi.

“Iki, aku ing ngisor. Jenengku Canthing.” Atmo kagèt ana canthing bisa ngomong.

“Mokal,” kandhané Atmo ing njero ati. Dhèwèké pancen wedi. Ana canthing, kok, bisa omong? Ing pikirané Atmo, canthing kuwi angker.

“Aja kuwatir, Atmo, aku ora medeni,” ujaré Canthing manèh.

Basan krungu Canthing omong, Atmo siyap-siyap mlayu. Nanging, canthing ngomong manèh, “Aku bisa mbantu kowe sinau babagan bathik.”

Atmo ngerténi ing njero ati mesthi bakal kabantu. Sanajan canthing kasebut ora nglarani, dhèwèké isih rumangsa anèh ana canthing bisa omong.

“Ini aku di bawah. Namaku canting,” Atmo terkejut melihat canting yang ada di depannya bisa bicara.

“Tidak mungkin,” ucap Atmo dalam hati. Ia sebenarnya merasa takut, bagaimana mungkin sebuah canting bisa berbicara. Yang muncul di pikiran Atmo adalah canting itu pasti berhantu.

“Tenang saja Atmo, aku tidak jahat,” kata canting itu lagi. Begitu mendengarkan canting itu bicara lagi, Atmo sudah bersiap-siap untuk lari. Akan tetapi, ia mengurungkan niatnya begitu canting itu bicara lagi. “Aku bisa membantumu mempelajari tentang batik.”

Atmo pun berguman dalam hatinya tentu ia akan sangat terbantu. Meskipun canting itu tidak jahat ia masih merasa aneh mengetahui sebuah canting dapat berbicara.



Gubrak! “Lé, tangi, Lé!” ibuné Atmo nulungi Atmo ngadeg sawisé tiba saka kursi.

“Ngimpi apa nganti tiba?” pitakoné ibu marang Atmo. “Ayo tangi, wis wayah Asar.”

Atmo arep nyritakaké impèné sing nembé waé. Nanging, sing metu saka ucapané pitakon ana ngendi Mbak Anin.

Ibu ngendika “Mbakmu kayané mulih telat.” Ibu dikandhani Mbak Anin yèn dhèwèké duwé tugas lapangan saka dosené.

Krungu kandhané ibu, Atmo dadi kuciwa. Mbak Anin janji bakal nulungi dhèwèké.

Gubrak! “Nak, bangun, Nak” ibu membantuku berdiri setelah aku jatuh dari kursi.

“Kamu mimpi apa sampai terjatuh?” ibu bertanya pada Atmo. “Ayo bangun ini sudah masuk waktu Asar.” Atmo ingin menceritakan tentang mimpinya barusan tetapi yang keluar dari mulutnya malah pertanyaan dimana mbak Anin.

Ibu berkata, “Mbakmu sepertinya akan pulang malam. Ibu diberitahu mbak Anin kalau ia mendapat tugas lapangan dari dosennya.”

Mendengar jawaban ibu, Atmo berubah menjadi kecewa. Mbak Anin kan sudah berjanji akan membantunya. Ia tentu akan terlambat jika tidak segera mulai belajar dengan Mbak Anin.

Soré-soré, ibu nimbali Atmo. Jebulé ibu pikantuk pesen whatsapp saka ibuné Banu. Banu ngirim pesen yèn sesuk bakal nggawa malam lan pewarna. Sesuk padha janjen sinau bareng ing sekolah.

Banu uga nuduhi ringkesan sing wis diklumpukaké babagan bathik Yogyakarta. Dhèwèké wis maca sawetara informasi sing dikirim Banu sore iki.

Ora let suwé keprungu swarané Mbak Anin mulih. Atmo mlayu menyang teras arep nyalami Mbak Anin. Mbak Anin katon kesel banget. Atmo pancen mesakaké, nanging dhèwèké kepéngin bisa sinau karo Mbak Anin.

Malam harinya, ibu memanggil Atmo. Ternyata ibunya menerima pesan whatsapp dari ibu Banu. Banu mengiriminya pesan bahwa besok ia akan membawakan lilin malam dan pewarna. Mereka akan mempelajarinya bersama-sama di sekolah besok.

Banu juga membagikan rangkumanyang sudah ikumpulkan seputar batik Yogyakarta. Beberapa informasi yang dikirim Banu sudah ia baca siang tadi.

Tidak lama kemudian terdengar suara Mbak Anin pulang. Banu pun berlari ke teras menyambut Mbak Anin. Mbak Anin terlihat letih sekali. Atmo sebenarnya kasihan, tetapi ia ingin bisa belajar bersama Mbak Anin.

Nalika weruh Atmo, Mbak Anin ngetokaké buku saka tasé. “Iki buku saka kancané mbak,” kandhané Mbak Anin sinambi mènèhi limang buku.

“Iya, Mbak,” jawabé Atmo sinambi nampani buku. Ing sajroning atiné, dhèwèké kepengin nagih janjine Mbak Anin. Nanging, dhèwèké ora pengin Mbak Anin kèlangan wektu leren.

“Aku arep maca bukuné, Mbak,” kandhaku.

“Sepurané ya, Dhik, Mbak ora bisa ngancani sinau,” ujaré mbak Anin. Atmo manthuk lan ngèsemi.

Begitu melihat Atmo, Mbak Anin pun mengeluarkan sebuah buku dari tasnya. “Ini buku dari teman Mbak. Bukunya cukup bagus dan lengkap. Mbak rasa kamu bisa memahami Batik Yogyakarta jika membacanya,” ujar Mbak Anin sambil menyodorkan lima buah buku.

“Oh, iya, Mbak,” jawab Atmo sambil menerima buku itu. Dalam hatinya sebenarnya ingin sekali menagih janji Mbak Anin untuk mengajarnya. Namun, ia tidak ingin membuat Mbak Anin kehilangan waktu istirahatnya.

“Aku pelajari bukunya ya, Mbak. Mbak makan dan istirahat saja,” ucapku sambil membukabuka bukunya.

“Maaf ya, Mbak belum bisa menemani belajar hari ini,” jawab Mbak Anin. Atmo mengangguk dan tersenyum tanda terima kasih.

Bukune ana sing gedhé, sing kandel, lan ana sing tipis.

“Akèh bukune, Mbak,” ujaré Atmo nyekel bukuné.

“Mbak arep turu dhisik, ya,” kandhané Mbak Anin.

“Iya, Mbak. Matur nuwun bukuné,” wangsulané Atmo. Atmo pancen ngantuk. Nanging, amarga akèh banget buku sing digawa Mbak Anin, mula Atmo pilih maca.

“Kamu bisa membacanya dulu, ya,” ujar Mbak Anin. Buku-buku itu ada yang besar dan tebal, serta ada juga yang tipis.

“Banyak sekali bukunya, Mbak,” seru Atmo sambil kewalahan memegang bukunya.

“Mbak mau istirahat dulu ya. Mbak capek,” kata Mbak Anin sambil menguap.

“Iya, Mbak. Terima kasih bukunya,” jawab Atmo. Atmo sebenarnya sudah mengantuk. Tapi, karena buku yang dibawakan Mbak Anin sangat banyak tidak ada salahnya Atmo membaca satu lebih dulu.

Atmo milih buku sing katone narik kawigaten. Ana siji buku sing rada tipis tinimbang buku liyané.

Alon-alon dhèwèké maca kaca pisanan buku kasebut. Ing buku kasebut dicritakaké carané mbathik. Sejatiné, prosès gawè bathik ora beda adoh. Nanging, mesthi ana bedané sithik gumantung saka cara ing saben wilayah.

Dumadakan, Atmo ngrasa ana sing anèh. Swasana dumadakan dadi peteng. Dhèwèké isih bisa ndeleng awak. Nanging, nalika dhèwèké nyawang mubeng, kabèh peteng.

“Atmo,” celuk swara sing ora adoh saka dhèwèké. “Aku ing mburimu,” kandhané swara kuwi ngerteni apa sing arep ditakokake Atmo.

Atmo memilih-milih buku yang kelihatannya menarik. Ada satu buku yang cukup tipis di antara buku-buku lainnya. Yang ini saja gumam Atmo dalam hatinya.

Perlahan-lahan ia membaca buku itu. Halaman pertama. Dalam buku itu diceritakan bagaimana proses membatik. Cara-cara yang dijelaskan adalah yang biasanya dilakukan di Yogyakarta. Sebenarnya proses membatik hampir sama saja, tetapi pasti ada perbedaan sedikit. Tergantung cara tiap wilayahnya.

Tiba-tiba Atmo merasa ada yang aneh. Sekelilingnya mendadak menjadi gelap. Ia masih bisa melihat tubuhnya. Namun, saat ia memandangi sekeliling semuanya menjadi gelap.

“Atmo,” seru suara tak jauh dari ia berada. “Aku di belakangmu,” sahut suara itu seolah tahu apa yang ingin Atmo tanyakan.

“Canthing, kok peteng ndhedhet kabèh?” pitakoné Atmo. Dhèwèké isih kelingan swara kuwi. Dhèwèké ngerti yèn Canthing bakal teka maneh. Iki mesthi ngimpi batine Atmo.

“Kowe ora wedi karo aku, ta?” Canthing ngatonaké awaké ing ngarepé Atmo. Sanalika saubengé dadi remeng-remeng. Atmo wus bisa ndeleng barang ing sakubengé kanthi cetha.

“Ayo melu aku. Ora usah wedi,” Canthing ngedhepake mripat. “Ing jagadku, apa waé bisa. Awake dhewe mabur liwat wektu,” ujaré Canthing maneh. Canthing muter lan madhangi nganggo cahya sing padhang.

“Canting, kenapa semuanya gelap?” tanya Atmo. Ia masih ingat suara itu. Ia tahu Canting akan datang lagi. Ini tentu mimpi gumam Atmo lagi.

“Kamu tidak takut denganku, kan?” Canting menunjukkan dirinya di hadapan Atmo. Seketika sekitarnya berubah menjadi temaram. Ia sudah bisa melihat benda-benda di sekitarnya dengan jelas.

“Ayo berkeliling denganku. Kamu tidak perlu takut.” Canting mengedipkan matanya. “Di duniaku semuanya mungkin. Kita terbang melompati waktu,” ujar Canting lagi. Canting pun berputar-putar dan mengeluarkan cahaya terang.

Dumadakan, lampuné remeng-remeng manéh kaya biasane. Atmo lan Canthing ngambang ing mega. Canthing nuntun Atmo mabur ing arah sing padha karo dhèwèké. Ora let suwe, Canthing lan Atmo mau wus ana ing panggonané tukang bathik.

Wiwitane, Atmo ngira yen tukang bathik ing kana bisa nyawang dheweke karo Canthing. Nanging, wong-wong kuwi jebul ora bisa weruh. Canthing wiwit nyritakake apa sing dideleng. Bareng Canthing nyritakaké kahanan, kahanané langsung owah kaya sing dicritakaké Canthing. Canthing weruh ana wong gawe bathik kanthi urutan kaya mangkene.

Seketika cahaya itu meredup kembali seperti biasa. Atmo dan Canting melayang di awang-awang. Canting menggiring Atmo melayang ke arah yang sama dengannya. Tidak berapa lama mereka berdua sudah berada di tempat pengrajin batik.

Semula Atmo mengira orang-orang di tempat itu mengetahui keberadaan mereka. Tetapi ternyata mereka seolah tidak ada. Mereka tidak melihat Atmo dan Canting. Canting pun mulai bercerita tentang apa yang mereka lihat. Begitu Canting menceritakan suatu keadaan, situasi langsung berubah seperti yang Canting ceritakan.



1. Bahan kain dikumbah kanggo ngilangi kanji banjur dikemplong. Dikemplong iku kain dithuthuki nganggo gandhen kanggo ngalusaké lapisan kain.

2. Gawe pola ing kain kanthi niru pola sing wus ana.

3. Mbathik, yaiku nggambar ing kain nganggo canthing kang isi malam. Kawiwitan kanthi nggambar pinggiran. Sabanjuré nutup bagéan sing ora diwarnani utawa bakal diwarnani kanthi cara liya.

1. Bahan kain dicuci untuk menghilangkan kanji. Dilanjutkan *pengemplongan*, yaitu kain mori dipukul-pukul menggunakan palu untuk menghaluskan lapisan kain.

2. Membuat pola di atas kain dengan meniru pola yang sudah ada.

3. Mambatik, yaitu menorehkan malam ke kain menggunakan canting. Mulai dari menggambar bagian tepi. Selanjutnya, menutup bagian yang tidak diwarnai atau akan diwarnai lain.

4. Mulasi, yaiku nyemplungake kain bathik ing *cairan pewarna*. Gawean iki ditindakaké bola-bali nganti warna sing dikarepaké katon. Bathik asli bakal nggunakaké pewarna saka alam. Bahan pewarna saka alam kayata kunir, secang, kulit kayu, lan godhong jati.

5. Ngerik malam ing kain nganggo *lempengan logam* lan dibilas nganggo banyu resik, banjur diangin-anginake nganti garing.

6. Nyopot malam kanthi nyemplungaké kain sing wus tuwa warnane ing banyu umob.

4. Memulas, yaitu mencelupkan kain yang sudah dibatik ke cairan pewarna. Ini dilakukan secara berulang-ulang sampai warna yang diinginkan kelihatan. Batik yang asli akan menggunakan pewarna yang alami. Bahan pewarna alami seperti kunyit, secang, kulit kayu, dan daun jati.

5. Mengerok malam pada kain dengan lempengan logam dan dibilas dengan air bersih, kemudian diangin-anginkan hingga kering.

6. Melepaskan malam dengan cara memasukkan kain yang sudah tua warnanya ke dalam air mendidih.

Ana uga bathik sing digawé kanthi cara cap. Capé sing diwenèhi malam bakal dipenet ing kain. Banjur carane padha karo sing ditindakake mbathik nganggo canthing.

“Saiki aku bakal ngajak kowe ndeleng motif bathik Yogyakarta.” Canthing ngajak Atmo mabur ngliwati maneka warna motif bathik kang gumelar.

Ada juga batik yang dibuat dengan proses dicap. Cap-cap yang mengandung malam akan ditekan pada kain. Mengecap sama dengan membatik dengan canting.

Selanjutnya, dilakukan langkah-langkah yang sama dengan cara membatik dengan canting. Sekarang aku akan membawa kamu melihat motif-motif batik Yogyakarta. Canting mengajaku terbang melintasi bentangan berbagai macam motif batik.



Diwiwiti saka motif parang kanthi maneka warna. Miturut crita, motif parang iku diripta dening Panembahan Senopati nalika mirsani obahing ombak Laut Kidul kang nrejang watu ing pinggiring segara. Garis sing mlengkung nggambaraké ombak segara sing dadi punjering kekuatan alam. Kekuwatan iki nglambangake kalungguhaning raja. Motif parang iki uga mujudaké pralambang kekuatan, kaluhuran, kawibawan, lan keprigelan.

Motif kawung iku motif kang wujud bunder-bunder memper woh kawung sing ditata lapis. Motif kawung tegese sampurna lan suci. Suwung tegese “kothong”. Motif kawung iku tegese kothong. Kothong marang pepenginan kadonyan utawa ngendhaléni dhiri kanthi sampurna.

Dimulai dari motif parang dengan berbagai macamnya. Menurut cerita, motif parang diciptakan oleh Panembahan Senopati saat mengamati gerak ombak Laut Selatan yang menerpa karang di tepi pantai. Garis-garis lengkung menggambarkan ombak lautan yang menjadi pusat kekuatan alam. Kekuatan ini menyimbolkan kedudukan raja. Motif Parang ini juga menjadi lambang kekuasaan, kebesaran, kewibawaan, dan kecepatan.

Motif kawung merupakan motif batik yang bentuknya berupa bulatan mirip buah kawung yang ditata bersusun-susun. Motif kawung bermakna kesempurnaan, kemurnian dan kesucian. Jika diartikan dengan makna ‘suwung’ yang berarti kosong. Motif kawung berarti kekosongan hasrat duniawi atau berarti pengendalian diri yang sempurna.

Ana jinising motif sida. Sing misuwur, yaiku Sida Luhur diripta dening Ki Ageng Henis kanggo anak turuné. Angkahe, piyayi sing ngagem bathik Sida Luhur nduwe ati resik. Tumindak lan panggalihe mulya sarta migunani tumrap masyarakat.

Motif Udan Riris kacipta nalika Pakubuwono III nembe nglampahi lelaku. Dumadakan, grimis lan ana sumilir angin. Swasana iki ndadekake Pakubuwono III kadereng ngripta motif batik udan riris.

Motif bathik Truntum dicipta dening Kanjeng Ratu Kencana, Prameswari Sunan Paku Buwana III. Tembung truntum kerep ditegesi minangka tuntunan. Motif iki tuwuh saka langit wengi kang endah kebak lintang. Kanjeng Ratu Kencana nggambar lintang lan kembang tanjung ing lembaran kain. Gambar mau banjur diwènèhi warna biru peteng kaya langit wengi.

Motif sida ada bermacam juga jenisnya. Yang terkenal adalah Sida Luhur diciptakan oleh Ki Ageng Henis untuk keturunannya. Ia berharap agar pemakai batik Sida Luhur mempunyai hati bersih. Bertindak dan berfikir luhur sehingga berguna bagi masyarakat secara luas.

Motif udan liris tercipta pada peristiwa Pakubuwono III menjalani 'laku'. Tiba-tiba turun hujan gerimis dan angin bertiup. Suasana inilah yang mengilhami raja untuk menciptakan motif udan liris.

Motif batik truntum diciptakan Kanjeng Ratu Kencana, Permaisuri Sunan Paku Buwana III. Kata truntum sering dimaknai sebagai penuntun. Motif ini terinspirasi langit malam yang cerah bertabur bintang. Kanjeng Ratu Kencana menggambar bintang-bintang dan kembang tanjung pada lembaran kain. Kemudian diberi warna biru gelap seperti langit malam.

Kajaba iku, ana motif sing kasebut “Awisan Dalem” utawa motif larangan. Motif iki mung bisa diagem dening Sultan utawa priyayi kraton. Motif iku uga ora bisa dianggo minangka wujud pakormatan dhumateng Sultan.

Bisa dimangerténi miturut paribasan: *Ajining raga saka busana*. Kabèh sing nèmplèk ing awak nggambaraké samarthyane dhèwè. Dadi, kita kudu nggunakaké kabèh miturut samarthyane dhèwè-dhèwè.

Canthing wus nyritakaké siji-siji maknane saben motif bathik. Atmo bisa gampang ngerti. Dhèwèké kaya-kaya ngerti crita-crita motif sing dicritakaké Canthing. Ana rasa seneng sing dirasakaké Atmo nalika mangerténi maknané motif-motif kasebut.

Di antara motif-motif itu ada motif yang disebut “Awisan Dalem” atau motif larangan. Motif ini hanya boleh digunakan oleh Sultan atau pembesar-pembesar kraton. Motif ini boleh tidak digunakan sebagai bentuk penghormatan dan penghargaan terhadap sultan.

Kita bisa memahaminya sesuai dengan peribahasa: *Ajining raga saka busana*. Semua yang melekat pada badan mencerminkan kapasitas diri. Sehingga, kita harus memakai segala sesuatu yang sesuai dengan kapasitas diri kita.

Entah berapa banyak motif yang telah mereka lihat dan pelajari. Canting telah menceritakan makna di balik setiap motif batik itu. Entah mengapa pula Atmo dapat dengan mudah memahaminya. Ia seolah mengerti dengan kisah-kisah di balik motif yang diceritakan oleh Canting. Ada kebahagiaan yang Atmo rasakan memahami setiap makna di balik motif-motif itu.

Lakuning Canthing lan Atmo wis rampung. Canthing kandha, “Oké, Atmo, awake dhewe mandheg dhisik ing kéné.” Canthing mabur ing ngarepé Atmo. “Kowe bisa sinau luwih akèh kanthi maca buku-buku iku,” Canthing kandha manèh. “Sapa sing begja bisa ketemu aku ing ngimpi.”

“Canthing, aja lunga,” Atmo nyeluk Canthing.

Canthing mèsam-mèsem banjur kandha, “Awake dhèwè mesthi bakal ketemu manèh, aja susah.”

Sanalika cahya padhang bali ngubengi sesawangane Atmo. Atmo banjur tangi. Dhèwèké turu ing sadhuwure buku. Eluhe tiba ing kaca buku sing kabukak.

Perjalanan itu berakhir. Canting berkata, “Baiklah, Atmo, kita akan berhenti sampai di sini dulu.” Canting terbang di depan muka Atmo. “Kamu bisa belajar lebih banyak dengan membaca buku-bukumu.” ujar Canting lagi. “Siapa pun yang beruntung mungkin bertemu denganku dalam mimpi.”

“Canting jangan pergi dulu,” seru Atmo kepada Canting.

Canting tersenyum lalu berkata, “Nanti kita pasti bertemu lagi, jangan bersedih.”

Seketika cahaya yang terang pun kembali mengelilingi pandangan Atmo. Dalam sekejap Atmo sudah terbangun dari mimpinya. Ia tertidur di atas sebuah buku. Setetes air matanya jatuh ke atas halaman buku yang terbuka itu.



Neng atiné, Atmo ngrasa sedih banget pisah karo kanca anyaré kuwi. Kabeh katon nyata. Nanging, Atmo ngerti dhèwèké kudu semangat amarga Canthing wis nulungi dhèwèké.

“Matur nuwun banget, Canthing,” ujare Atmo lirih.

Atmo mbenakaké buku-bukuné. Dhèwèké saiki dadi seneng banget sinau. Dhèwèké bakal entuk nilai paling apik ing acara kuis kasebut. Atmo, kanca-kancané, lan uga Canthing.

Dalam hatinya Atmo merasa sangat sedih berpisah dengan teman barunya tadi. Semuanya seakan sangat nyata. Tapi Atmo tahu, ia harus bersemangat karena Canthing sudah membantunya.

“Terima kasih, Canthing,” bisik Atmo pelan.

Atmo merapikan buku-bukunya. Ia kini sangat bersemangat untuk belajar. Ia akan meraih nilai terbaik dalam cerdas cermat itu. Atmo, teman-temannya, dan juga Canthing.

Biodata

Penulis :

Muhammad Rusydi lahir di Kota Tanjungpinang. Ia senang menulis buku cerita. Ia terpilih menjadi Duta Bahasa Kepulauan Riau pada tahun 2013 dan ikut pemilihan Duta Basa Nasional di tahun yang sama. Saat ini ia bekerja pada Pemerintah Provinsi Kepulauan Riau. Ia juga aktif mengajar di salah satu lembaga Pendidikan swasta di Kota Tanjungpinang.

Ilustrator :

Banuarli Ambardi, lahir 19 Maret 1954, komikus sekaligus ilustrator. Karya-karya ilustrasinya banyak menghiasi media baik media bahasa Jawa maupun media bahasa Indonesia. Ilustrasi media bahasa Jawa antara lain, Majalah Djaka Lodang, Mekar Sari, tabloid Jawa Anyar, Nila Kandhi, Pagagan, Sempulur dan Mentaok. Ilustrasi dalam media berbahasa Indonesia antara lain, Sinar Harapan, Bobo, Gatutkaca, Wawasan, Harian Yogya, Putra Kita, Ceria. Sedang untuk karya komik, sudah lumayan banyak buku komik yang diterbitkan dengan penerbit-penerbit yang berbeda. Antara lain, Satra Kumala (serial Super Hero Indonesia, dengan tokoh Herbintang), Maranatha (serial Superhero Indonesia, dengan tokoh Utara), Classic Comic Malaysia (Seri Kisah Benar, menampilkan tokoh-tokoh pahlawan Sejarah Islam), Harian Yogya (Megantara, Serial Superhero Indonesia). Dan lain-lain

Penyunting :

Nindwihapsari, lahir di Surakarta pada 28 November. Pernah menyunting naskah cerita anak. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY dan memiliki tugas utama di bidang perkamusan dan peristilahan. Ia dapat ditemui di Balai Bahasa Provinsi DIY dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta atau via posel nindwihapsaribby22@gmail.com.





MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Atmo ditunjuk mengikuti lomba cerdas cermat di pameran batik. Kakak Atmo membawakan buku tentang batik.

Keajaiban terjadi kepada Atmo.

Sekelilingnya mendadak gelap. Tiba-tiba datang sebuah cacing yang dapat berbicara. Atmo bersiap laari, tapi tak sempat. Cacing sudah membawanya ke dunia lain. Apa yang akan terjadi kepada Atmo?

ISBN 978-623-112-575-0 (PDF)



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023